



MATYE REZIDYEL YO AN AYITI



YON RICHÈS POU VALORIZE NAN GONAYIV
KONTRIBISYON PA NOU NAN AKÒ PARI-A
SOU LIT POU CHANJMAN KLIMATIK LA

JESYON POU ANTRE MATYE REZIDYEL YO AK ESTRATEJI GLOBAL POU DEVLOPMAN

Fonde nan lane 2012 Se yon sosyete teknoloji ki pa gen rapò ak lajan k'ap fè aktivite nan rejyon latibonit ak komin Gonayiv. L'ap asire mizanplas oframezi yon sistèm pou ramase e antere matyè rezidyèl yo tout sa k'ap sòti nan vil tankou andeyò ak mete anvalè enèji biyogaz (eletrisite, gaz boutèy), k'ap kontribye pou yon devlopman dirab, pou redwi gaz e pou lite ak chanjman klimatik yo.

Li te òganize plizyè kanpay nan pwòpte ak popilasyon Gonayiv la, e debite yon elatriye operasyon ramasay (fatra) nan lane 2017 gras ak yon sibvansyon yon milyon dola ameriken nan pwogram kowoperasyon klimatik entènasyonal la. Gouvènman Kebèk la te mete anplas pou fè swit ak akò Pari-a, tankou yn kontribisyon an nati : 1,2 milyon dola ameriken bay fondatè BEH.



***Matye rezidyel yo se yon kalite resous presyèz.
Sitou si yo kontwole e jere pa kominote k'ap
pwodwi yo-a.***

Operasyon netwayaj Ri yo nan Gonayiv 2017

EKONOMI SIKILÈ.

SÒTI NAN REMASAY, VINI NAN ANFWISMAN AK NAN ELEKTRISITE

Pwojè sila genyen twa (3) konpozant :

- Ranmasay matyè rezidyèl yo nan vil ak òganik yo,
- konstriksyon e preparasyon yon lye anfrisman teknik,
- pwodiksyon elektrisite apati biyogaz la kouple ak yon santral fotovoltayik.

Lye Anfrisman Teknik la (LAT) pral genyen yon estasyon pou peze kamyon, yon basen tretman liksiviyat e ak yon sistèm kaptaj biyogag k'ap genyen yon tòchè, Lè travay la ap fini, LAT pral kapab resevwa anviwon 100 000 tòn fatra isi nan 2025.

Sentral biyogaz la ak yon kapasite 1MW la ap enstab nan lane 2024. pou antre lajan rapidman pou finanse aktivite ramase fatra-a ak operasyon LAT la, yon sentral fotovòltayik k'ap gen yon kapasite inisyal de 2MW pral enstale apati 2022 sou sit la, aprè yon konklizyon evantyèl yon kontra pou vann kouwan ak Elektrisite DAYITI (EDH), òganis leta ki responsab jesyon elektrisite nan peyi-a.


Operasyon sentral yo pral pèmèt yon ekilib pwodiksyon elektrisitepandan tout lajounen e pou reponn ak demand, LAT la ap sèvi kòm antrepozay biyogaz la.



BEH se yon ONG teknolojik ayisyen pwopriyetè ak jesyonè pwojè-a, teren-an ak enfrastrikti yo.




Ranmasay



Lye anfrisman teknik ak kapasite biyogaz



Ko-enèji biyogaz ak solèy



Revni vant kredi kabòn ak enèji



Finansman operasyon kreyasyon djòb ak amelyorasyon salibrite, sante ak environman

E SIK LA AP KONTINYE...

SOU ESTASYON ELEKTRIK
DIMANSYON APWOKSIMATIV YO

SANTRAL, KONPRESE BIYOGAZ
AK SAL ELEKTRIK
DIMANSYON APWOKSIMATIV YO

TRÈTMAN BIYOGAZ LA

REZÈVWA
KONDANSAT LA

SOUFLANT

TOCHÈ

JENERATRIS AK BIYOGAZ
1000KW

JENERATRIS A LAVNI

SELIL FOTOVOLTAYIK YO

JENERATRIS AK
REZÈVWA KONBISTIB

SAL KONTWÒL ESTASYON
PONPAJ AK DESTRIKSYON
BIYOGAZ LA

YON PWOJÈ KONKRÈ AVÈK RETONBE POZITIV

RETONBE SOSYO-EKONOMIK PWOJÈ-A SE SA NOU PRAL DI YO SOU YON PERYÒD DE 25 ANE :



- Rediksyon de 7,3 milyon TEK CO2 GES ;
- Sibstisyon de kelke de milyon de barik ekivalan petwòl ;
- Amelyorasyon de 150-200 milyon dola balans komèsyal peyi-a ;
- Kreyasyon plis pase de 600 anplwaye dirèk ak endirèk ;
- Vann ak kredi Kabòn sou mache entènasyonal la ;
- Vitrin teknolojik pou y'al fè lòt kote nan peyi-a ;
- Yon vil pwòp e akeyant pou moun k'ap vin vizite-l.



Goch : Teren pwopoze, fas SIDÈS.

Dwat : Vizit teren pwopoze ak Biyotèmika, Avril 2018


MONTRE SA-W KA FÈ.

FINANSMAN

Kòb total pwojè a se (ZOMCAD) avan lè pwòp kòb pa li apati vant enèji ak kredi kabòn. Montaj finansye pou investisman sila a (CADEX) prevwa yon pati an don, sipòte pa òganis e pwogram entènasyonal yo, finansman klimatik ki te mete sou plas an pati akò "Pari" a sou lòt chanjman klimatik ak yon pati an dèt sibòdone.

Nòt : Tèren vize a te deklare ditilite piblik pa gouvènman ayisyen an nan lane 2011 e teren an ap remèt pou yon montan senbolik.

Pa yon montaj finansye orijinal k'ap asire revni a pati elektrisite, gaz boutèy ak kredi kabòn, (BEH) pral mete anplas enfrastrikti ak ekipman pou rama yak anfwisman matyè rezidyèl ak pwodiksyon enèji apati "Bio Gaz" purte k'ap gen sou li yon santral fotovoltayik k'ap asire yon estabilite nèt ale nan pwodiksyon elektrisite.



ECHEANSYE AK PREVIZYON

Operasyon anfwisman yo ap kòmanse nan lane 2021. Nou prevwa pandan karant (40) lane anfwì prèske di (10) milyon mètr kare matyè rezidyèl k'ap soti nan vil ak agrikilti. Nou prevwa redwi (GES) de 7.3 milyon de (TEQ CO₂) ki prevwa pou period la, ak yon pik de twa san mil (300.000.00) (TEQ CO₂) aprè kenz (15) lane.

2017-2018 demaraj ranmasay matyè rezidyèl

2019-2021 konstriksyon lye anfwisman teknik lan

2022-2023 tòchè nan "biogaz" vant premyè kredi kabòn plis sant-ral sole

2024-2025 1 - 3 MW pwisans elektrik

2026-2033 4 - 7 MW pwisans elektrik

2034-2044 8 - 10 MW pwisans elektrik

FINANSMAN INISYAL



Pwojè sa reyalize gras ak patisipasyon manb fondatè y ak gouvènman kebèk (KEBEK) la atravè yon pwogràm kowoperasyon klimatik entènasyonal (PCCI) avèk kowoperasyon vil Gonayiv.

OTONOMI FINANSYÈ.



*Anwo: Asamble jeneral anyèl Byoenèji (Bioénergie)
Anba: Siyati antant la avèk Mèri Gonayiv Oktòb
2011*

(1) Dieuseul Augustin, directeur de BEH; Guy Drouin (Biothermica); Pierre Luckson Junior (APDIA); Johnny Joseph (Terre des Jeunes Gonaïves); Sylvestre Josué (ALCE); Pierre-Charles Luxene (Société civile organisée); Saint-Louis Jose Dieulaine PH, assistante mairesse des Gonaïves; Excellent Joseph, assistant maire des Gonaïves; Ronite Magofie (Association des femmes); Guillaume Lacroix et Jean-Pierre Franzidis (Biothermica), Lydie Servanin (Terre des jeunes transnational) (pas sur la photo).

BYOENÈJI AYITI AK PATNÈ L'YO

BEH fè **gouvènans egzanplè** yon pryorite.

BEH se yon **sosyete teknolojik ki pa gen rapò ak lajan** mizanplas pa twa manb fondatè l'yo aprè siyati 11 Oktòb 2011 yon antant kowoperasyon k'ap dire lontan. BYOTÈMIKA ak Meri Gonayiv pou pwojè ranmasay ak anfwisman matyè rezidyèl ak mete an valè byogaz. Atik 4 antant lan prevwa kreyasyon BEH ki ap mèt ouvway pwopriyete yo sou sipèvizyon teknik (BIO THERMICA) BYOTÈMIKA, responsab mizanplas finansman ak enfrastrikti pwojè a ak transfè teknolojik bò kote BEH. Estati kòporatif BEH la te apwouve 12 Fevriye 2012 e li prevwa **twa kategori manb**.

Manb Biothermica Technologies Inc (Canada)

Fondatè: Terre des jeunes Gonaïves (Haïti)

Terre des jeunes transnational (Canada)

Manb enstiti- Idevet

syonèl sosyete Sosyete sivil òganize

sivil la: Alliance des femmes des Gonaïves

Asosyasyon Pwodiktè pou Devlopman Entegre

Latibonit (APDIA)

Asosyasyon lidè kreyen pou anviwònman (ALCE)

Manb Meri Gonayiv

konsiltatif:

ANSANM POU YON VIL PWÒP.

YON TEKNOLOJI KI KAPAB APLIKE NAN PEYI MWEN DEVLOPE YO

Gras ak yon **patenarya** ak Biothermica, antèt Chèf nan lemond nan jesyon ak valorizasyon enèjetik biogaz depi plis pase 30 lane, BEH benefisye yon teknoloji ki respekte piwo nòm entènasyonal ak yon **pwogram adapte transfer teknolojik** k'ap asire pou yon tan yon konesans k'ap util moun Gonayiv ak tout rès peyi a.

BEH se **pwopriyetè enfrastrikti**. Lajan ap soti nan finansman entènasyonal lèske frè operasyon enfrastrikti yo ap soti nan vant elektrisite, gaz boutèy ak kredi kabòn se sa k'ap bay yon **revni stab pou pi lontan**.

Akoz pwogràm **transfè konesans** k'ap fèt pa Biothermica, BEH ap ofri yon fòmasyon teknik an jesyon a Kominote lokal yo, l'ap ba yo zouti pou yo jere pou anpil tan matyè rezidyèl yo, soti nan ranmasay pou rive nan valorizasyon enèjetik.

Modèl jesyon BEH lan devlope **a kapab refèt** lòt kote nan peyi a ak nan lòt peyi mwen devlope ki pa gen gwo mwayen pou yo achte enfrastrikti modèn jesyon ak valorizasyon matyè rezidyèl ki soti nan vil ak andeyò.

YON TEKNOLOJI POU KOMINOTE A



*Pwojè valorizasyon enèjetik biyogaz
anfrisman Salvadò, pwojè CDM
(UNFCCC) no 0167
Reyalize pa Biyotèmika.*



*Kanpay pwòpte, katye modèl,
Gonayiv, Janvyè 2018*



YON CHANJMAN K'AP MENNEN PA POPILASYON AN

Manb fondatè BEH yo rasanble yon eksperyans plis pase 30 lane nan devlopman entènasyonal pou mete an plas pwojè konkrè rebwazman, valorizasyon enèjetik matyè rezidyèl, edikasyon ak sansibilizasyon popilasyon peyi mwen avanse ki gen pwoblèm klima, anviwònman ak devlopman dirab.

BEH bay tèt li yon devwa pou l' mete ansanm patnè loko estratejik ak nesesè pou pwojè a k'ap reyisi pou pi lontan, pwojè sila, gade kòman anpil fanm ap patisipe. Patnè sila yo ap pèmèt yo devlope yon rezo volontè ; sitwayen k'ap enplike, lidè katye yo ak modèl. Egzanp, BEH ap òganize anpil rankont katye, fè sansibilizasyon ak pwopte.

Kòm se yon òganis ki pa gen rapò ak lajan, BEH ap reenvesti lajan nan operasyon yo, transfè konesans epi mete an plas yon ekosistèm zafè local nan domèn jesyon matyè rezidyèl.

OTONOMI KOMINOTE.



An wo : Rankont katye, Janvyè 2018.
An ba : benevòl Biyoenèji Ayiti.

NOU LA POU NOU RETE

L nou ap aji nan edikasyon, enwiwònman ak enji, BEH repon ak objektif devlopman dirab ONI yo k isa :

- Nan ayisyen ak ayisyen reyalize pwoj sou teren
- Nan kreye travay sitou pou medam yo
- Nan amelyore salibrite nan lari, kanivo, lanmè, lè, ak tè
- Nan fasilite touris antre gras ak yon vil pwòp
- Nan amelyore kalite vi ak sante nan Gonayiv
- Nan pwodwi enèji pwòp, renouvlab ak lokal nan yon lojik ekonomik sikilè
- Nan ofri konbistib pou fè kwit manje pou moun ranplase chabon bwa pou sispann koupe pye bwa nan forè yo
- Nan plante plizyè dizèn milye pye bwa toutotou sit la kòm zò tanpon
- Nan amelyere balans komèsyal Ayiti nan ranplase konbistib enpòte pa Biyogaz ak solèy
- Nan lite kont chanjman klimatik pa kaptaj valorizasyon gaz k'ap polye anwiwònman 25 fwa plis danje pase CO₂ an
- Nan sansibilize kominote-a ak antre moun kip a bezwen salè
- Nan pwogram pwopte vil yo-a
- Nan fè transfè teknolojik ak ekspètiz pou ranfòse kapasite yo

DEVLOPMAN DIRAB.





AJI POU KLIMA-A

Jounen jodia se lè pou nou **aji** avèk pwojè k'ap reyalize pou avantaj konnye-a, yon jesyon entegre dechè k'ap pèmèt diminye gaz k'ap polye planèt la de 15%.

Valorize metòn gras ak yon teknoloji Biyoenèji Ayiti k'ap pwodwi yon **enèji pwòp, lokal, renouvlab** sou fò elekrisite oubyen gaz boutèy, kab redwi presyon sou sous enèji fosil ak sou forè pandan batay k'ap fèt kont chanjman klimatik la.

Lè yo konbine pwodiksyon enèji pa biyogaz ak yon santral fotovoltayik, li posib pou genyen anpil elekrisite pou pi lontan.

AJI SOU DECHÈ SE AJI SOU KLIMA-A

(1) Selon le rapport Global Waste Management Outlook, 2015, produit par l'UNEP et l'ISWA (International Solid Waste Association).



Biothermica

Biothermica Technologies Inc.
426 Sherbrooke Est
Montréal, Québec
Canada H2L 1J6
514-488-3881
www.biothermica.com



Bioénergie Haïti
17 ruelle Dejean, Des tours Laborde,
Gonaïves
Haïti
509-3650-7808 / 509-3241-9414
www.bioenergiehaiti.org

Version 2019-04-09-kr.

Photos: Terre des jeunes, Biothermica, Bioénergie Haïti.